



WORKERS'
COMPENSATION

Resous ak enfòmasyon kontak

Eskane kòd QR pou w ka gen aksè fasil a plis
enfòmasyon, detay kontak biwo, fòmilè, ak opsyon
kontak dirèk:



Konprann Konpansasyon Travayè: Yon Gid pou Anplwayè yo

Konprann Konpansasyon Travayè

Divizyon Afè Endistriyèl sipòte efò w yo pou w
kreye yon espas travay ki jis e ki an sekirite.
Ansanm, nou ka asire ke biznis ou a non sèlman
satisfè egzijans legal yo, men tou pwospere atravè
yon mendèv ki otorize.



DELAWARE DEPARTMENT OF LABOR
DIVISION OF
**INDUSTRIAL
AFFAIRS**



WORKERS'
COMPENSATION

Kisa Konpansasyon Travayè ye?

Konpansasyon travayè yo se yon mwayen sekirite ki bay swen medikal ak sipò finansye pou anplwaye ki blese oswa malad akòz travay yo. Se yon patenarya ant ou menm (anplwayè a), travayè ou yo, ak eta Delaware pou pwoteje tout moun nan espas travay la.

Ki moun ki kouvri epi ki wòl ou?

Ki moun ki kouvri:

Si w gen youn oswa plizyè anplwaye, ou bezwen asirans konpansasyon travayè. Se fason ou pou w asire ke ekip ou pwoteje nan ka enprevi ta rive.

Responsabilite ou:

Antanke yon anplwayè, sresponsabilite w pou w gen bon kouvèti epi pou w suiv règ yo. Sa vle di:

- Kenbe asirans ou ajou.
- Pa pase depans asirans bay anplwaye ou yo.
- jere blesi nan travay la byen vit. Pou w fè sa, bay swen medikal epi rapòte ensidan an bay konpayi asirans ou. Nan 10 jou, ou bezwen depoze yon Premye Rapò Aksidan an bay Eta a.

Konprann Prestayon yo

Konpansasyon Travayè ofri plizyè prestasyon, soti nan kouvri depans medikal ypou rive nan peman andikap. Konnen sa yo ede w sipòte anplwaye w yo pi byen.

Rete an konfòmite:

Nenpòt patwon ki gen youn oswa plis anplwaye nan tout eta Delaware dwe genyen yon polisi asirans konpansasyon travayè.

Anplwayè ki andeyò eta yo:

Si w baze andeyò Delaware men ou gen anplwaye nan eta a, w ap bezwen yon polis konpansasyon pou travayè Delaware yo oswa andòsman sou polis ou ye kounye a. Li enpòtan pou w asire w ke tout moun yo kouvri, kèleswa kote biznis ou a rezide.

Ki kote m ka aprann plis?

Kontakte Biwo Prensipal nou an:

Telefòn: (302) 761-8200

Imèl: dol_dia_wc_compliance@delaware.gov

Vizite: Labor.delaware.gov pou plis enfòmasyon ak fòmilè



WORKERS'
COMPENSATION